




RUDIAN dan istrinya baru saja pindah di sebuah rumah dua lantai yang berdiri megah di pinggiran kota. Mereka membelinya dengan harga yang murah. Tidak ada rumah lain, selain bangunan tersebut di antara lahan yang dikelilingi kebun jeruk.

Kepindahan Rudian ke rumah barunya disebabkan ia yang haus akan ketenangan. Sebab, di tempat lamanya, pikirannya selalu dibuat kacau oleh para tetangga. Istrinya, Risa, kerap mengeluhkan keresahan yang sama.

Kini, mereka tidak perlu lagi menghabiskan tenaga, memikirkan kicauan yang bisa saja membuat mereka meninggal dunia.

Suatu hari, Rudian sedang membantu istrinya memasak makan malam. Ketika hendak mengambil pisau, ia melihat pintu kecil di bawah tangga yang menghadap ke arahnya.

Pintu dengan warna biru itu membuat Rudian penasaran. Namun, Risa yang baru keluar dari kamar mandi pun melarangnya.

Satu hari sebelum mereka pindah, penjual rumah memperingatkan Risa agar jangan

sekali-kali membuka pintu di bawah tangga. Karena ia adalah tipe orang yang mudah percaya, Risa pun menurut saja.

“Kenapa kamu melarangku, Dik?” tanya Rudian.

“Tidak ada alasannya, Mas. Pokoknya jangan dibuka. Kamu enggak mau durhaka sama aku, kan?” ucap Risa seolah mengancam.

Bukannya mengindahkan larangan istrinya, Rudian justru semakin nekat untuk mendekati pintu itu.

“Hentikan langkahmu. Sudah kubilang, di situ tidak ada apa-apa.”

Rudian menjadi curiga dengan Risa. “Kamu tahu dari mana kalau di dalamnya kosong? Wah, berarti kamu sudah pernah membukanya. Alih-alih melarang, kamu malah menampakkkan kesalahan.”

“Sudah-sudah, aku tidak mau ribut. Kubilang tidak pun, kamu pasti membantah lagi. Intinya aku hanya menjalankan.”

Rudian memotong pembicaraan Risa. “Halah, alasan saja kamu.”

Risa heran dengan sikap suaminya. Menurutnya, hal yang ia lakukan sudah benar. Namun,

Rudian malah marah seolah itu tidak adil baginya. Meskipun begitu, Risa tetap tenang dan berniat meluhukkan hati Rudian setelah makan.

Sebetulnya, Risa pun penasaran dengan isi di balik pintu itu. Kebetulan juga Rudian tiada di rumah. Demi menjawab perasaan itu, maka ia mendap-endap ke bawah tangga saat malam hari.

“Apa benar ada jasad di balik pintu ini? Ah, kubuka sajalah,” katanya dengan perasaan takut.

Begitu pintu dibuka, ia terkejut karena isi dari ruangan itu hanyalah kekosongan. Ia lega karena ketakutannya berakhir. Namun, di sisi lain, penyesalannya datang sebab melanggar janji, dan ia merasa bersalah atas sikapnya terhadap Rudian kemarin. Perempuan itu berharap suaminya tak mengetahui aksinya.

Sementara itu, dari balik jendela luar rumah, tampak Rudian yang mentertawakan perbuatan istrinya sedari tadi. Lalu, lelaki itu menelepon seseorang. Ternyata ia adalah si penjual yang ditemui istrinya beberapa hari lalu.

“Pak, rencana kita berhasil,” ucap si Penjual yang kemudian tertawa.

“Apa yang kamu bilang kemarin?”

“Saya bilang pernah ada yang mati di ruangan itu, Pak.”

Rudian menggukkan kepala kemudian tertawa puas. “Bagus... terus buat dia takut. Besok kamu balik ke rumah dan sampaikan apa pun yang seram-seram, sementara aku tetap akan melakukan tugasku.”

Tanpa Rudian sadari, percakapannya didengar oleh Risa yang sudah ada di belakangnya. Tangannya memegang sapu dan bersiap untuk membuat kejutan karena ia telah mengetahui suaminya bersekongkol untuk menjahilinya. □

Tangerang Selatan, Juni 2022

**) Muhammad Yusuf Shabran, lahir di Balikpapan, Kalimantan Timur, 10 Juli 1997, merupakan lulusan Universitas Ahmad Dahlan.*

Oase

M Haryadi Hadipranoto

SELARIK KISAH

L - Soes (1)

Surut waktu didera angin
Mencatat selarik kisah
Runtut dan rapi di hati
Seibarat sederet kenangan

Mengenangmu saat bersenandung
Sepanjang langkah mengikut arah
Ingatan pun seperti tersentak
: Ada yang belum sempat
Kubisikkan di telingamu!

Yogyakarta, 2022

KEMBALI BERLAYAR

: - Soes (2)

Mampukan perahu hatiku
Merapat di pelabuhan jiwamu
Manakala angin terus bergasing
Dan hujan tak segera berhenti
Menjadikan seakan-akan jarak menjauh
Ketika hendak kuraih tanganmu

Perahu hatiku tak juga berhenti
Meski tepian pelabuhan jiwamu membeku
Mengisyaratkan oada semesta
Tak bisa ditepis perasaan cinta
Yang entah dari mana asalnya
Hingga singgah di hatiku di jiwaku

Yogyakarta, Juli 2022

PINTU HATI TERBELAH

: - Soes (3)

Surut waktu mengenangmu
Angin berbisik berkabar
Tentang kesendirianmu
Di jiwa keyakinan membatu
Mengenang pesan kekasih
Perihal pintu hati terbelah

Mencatat riwayat dan kisah
Tak ubahnya melukis diri
Di selembar kertas basah
Tetapi keyakinan tetap bertahan
Layaknya gumpalan cinta membeku
Di hati entah sampai kapan

Yogyakarta, Juli 2022

NARASI LELAKI YANG DITINGGALKAN

PEREMPUAN-PEREMPUAN TERKASIHNYA

Barangkali sudah menjadi kodratnya
Ia lelaki dengan seribu kenangan
Harus senantiasa sendiri dan menyepi
Bercumbu dengan angin dan kesunyian
Dan sekarang keresahan di jiwanya
Seperti dedaunan yang mengering
Tersengat panasnya sinar matahari

Ia seorang lelaki yang terus menghitung
Menghitung dan menghitung sederet nama
Perempuan-perempaun terkasih di hatinya
Dan berapa banyak akhirnya jumlah perempuan
Yang kemudian pergi meninggalkan dirinya
Ia lelaki yang mencoba bertahan sendirian
Di remang-remang temaran cahaya malam

Dan cahaya malam pun semakin gelap memekat
Dingin pun semakin menusuk-nusuk tetulangan
Namun ia sama sekali tidak pernah menyesal
Mengutuk atau menyalahkan suara-suara
Yang senantiasa membisingkan telinga
Di jiwanya keyakinan telah mengekal
Perempuan datang perempuan pergi memberi arti

Yogyakarta, 1991/2022

**) MH Haryadi Hadipranoto, alumnus Universitas Sarjanawiyata Tamansiswa (UST) Yogyakarta/*

MEKAR SARI

RASANE durung jangkep urip-ku yen durung bisa nyawang eseme. Nanging merga kahanane isih kaya mangkene, sabisa-bisane pepinginan kanggo nemoni dheweke dakpenggak kanggo sawetara wektu. Apamaneh kerik-kerik iki kahanane bali nggegirisi.

Biye sadurunge ana korona, saorane aku bisa nyisihake dhuwit kanggo dakcelengi. Dhuwit sing dakcelengi iki mengko yen wis cukup, rencanane bakal daggawe sangu dolan menyang Salatiga. Angkahku yen bisa dolan menyang kutha kang kerep dianggep salah sijine kutha paling endah ing Jawa Tengah iki bakal nemoni wanita sing eseme kerep teka ing impenku.

Emane, durung nganti rencanaku kaleksanan, virus korona teka lan kasil ngorak-arik rencana sing wis daktata kanthi tharik-tharik. Gara-gara serangan viruse korona sing nganti luwih setengah taun durung rampung-rampung iki, usahaku dadi ambyar. Saiki aja kok kanggo nyelengi, bisa mangan nganti akhir wulan wae wis matur nuwun banget.

Sarehne butuh kang ora bisa disemayani, gelem ora gelem celenganku dakdhodhosi dhisik. Wiwitane sithik, nanging merga kahanane ora enggal apik, suwe-suwe isine celenganku entek dakkuras kanggo nyukupi kabutuhan saben wulane.

Aku karo wanita sing eseme saben wengi teka menyang impenku kuwi pancen durung nate ketemu sacara langsung. Sasuwene iki anggonku sesambungan klawan dheweke mung lumantar WA wae. Anehe, senjata mung lumantar WA, ana rasa seneng lan ayem saben-saben dheweke kirim pesen menyang nomerku. Apa sing kaya ngene iki bisa dikandhakake tresna?

Ah, embuh. Aku ora ngerti.

“Mas, sampeyan kuwi ngapa sih

krasan banget ing Tulungagung? Kapan sampeyan menyang Solo? Mengko yen sampeyan mrene, sampeyan takterke menyang omahe Mbak Okta ya?” tulise Sura lumantar pesen WA wengi kuwi.

Maca pesen sing dikirim Sura iki aku mung mbatin, cah iki ora ngerti kancane lagi ora duwe dhuwit apa? Aja koggawe menyang Solo, wong digawe mangan wae kangelan kok!

Sawise mikir rada suwe, pesen saka Sura kuwi dakbalesi,”Suk wae lek ana proyek sing lumayan gedhe, Mas. Wis suwe ora entuk *orderan* nulis soale. Turmaneh gara-gara korona sing du-

Esem Paling Endah

Cerkak: Zuly Kristanto



rung rampung-rampung iki nganti njalari dhompetku dhadhal-dhuwal.”

Limang menit sawise pesen kuwi kakirim, Bu Dani, salah siji mantan bosku nilpon.

“Wah, ana apa iki?” batinku.

Tilpon banjur dakangkat. Sawise kuwi Bu Dani ngendika dawa banget. Inti saka anggone ngendika wengi kuwi mung siji. Bu Dani pengin ngerti aku saguh utawa ora ditugasake gawe tulisan ngenani papan kang duwe nilai sejarah ing Salatiga. Yen aku saguh, wengi kuwi Bu Dani bakal transfer dhuwit sing gedhene rong yuta kanggo bayaran tulisan lan isih

bakal ditambahi *akomodasi perjalanan* lan mangan.

“Piye, saman gelem, Mas?” takone Bu Dani.

“Siyap, Bu.”

Dina candhake, Sura dakkabari yen aku bakale menyang Solo. Ing kalodhangan iku Sura mesisan dakjaluki tulung ngeterake lan ngancani liputan Salatiga.

“Ana *uang lelah-e*, Mas?” takone Sura.

“*Tenang wae, Mas. Uang lelah, uang makan, uang rokok aman pokoke*,” wangsulanku.

Sore kuwi samungkure liputan, sadurunge bali menyang Solo, Sura ngajak mampir ing sawijining bakul kembang ing Salatiga.

“Aku pengin nukokake kembang ibuku, Mas,” ujare Sura.

Aku manthuk.

Sinambi ngenteni Sura sing lagi milih kembang, aku mbukaki foto ing kammeraku. Aku marem banget karo asil jepretanku.

“Masiya suwe ora motret, nanging *insting*-ku isih durung ilang,” batinku.

Wektu *asyik* nontoni foto. Pundhakku dicablek saka mburi. Nalika noleh ing mburiku ana Sura lan wanita sing banget daktepuungi.

“Mas, sing jenenge Mbak Okta ya iki,” ujare Sura.

Sawise kuwi wanita kuwi banjur ngelungake tangan sajak pengin kenalan.

“Kula Okta, Mas. Njenengan mesthi Mas Pur nggih?” takone sinambi mesem.

Tangane banjur daktampani lan banjur ngomong,”Nggih, Mbak. Dalem ingkang nami Pur.”

Adoh ing njero ati aku mbatin,”Dhuh, endah banget eseme. Kaya-kaya eseme kuwi mujudake esem paling endah sing nate ditujokake menyang awakku.” □

Geguritan

Roso Titi Sarkoro

SING

sing takgadhang-gadhang
jebul gampang nglewang
kesawut angin kumleyang

sing arupa rembulan
jebul ayu pulasan
ati kencana sayekti pasir wedhi

sing sesingidan
apa tenan katresnan
donya kebak duraka lalamisan

sing mesthi langit atiku klawu
ora merga koncatan
sepi gothang sowang-sowang

sing tumabet mbradhat ngoncati iradat
sadalana-dalana mbuwang lacak
nyuwek ati keplayu tanpa pepoyan

Nglarangan, Juni 2022

LANGIT SASI JUNI

ora kaya aruming sasi juni
lumeber ngambar salumahing bumi
grimis nangkis lemah nela
ngraketake lungka sing wiwit rengka

hangrungebi senyari bumi wutah getih
pinayungan mega abang putih
langit sasi juni nglairke lelandhesan
kukuh
lumantar lati Sang Fajar kang ngrengkuh

langit sasi juni tan tidha-tidha
nyecep arum sarining kembang
ing madyaning taman bebrayan
linambaran katresnan rumaketing jaja
abang

ora ana sing luwih arum
tandhing wangi langit sasi juni
angambar kawentar mrambat irung jagad
ngelekké mripat ngebyarke sewu lintang

Temanggung, 1 Juni 2022

LANGIT LELIMENGAN

pasuryan rembulan remeng-remeng
nadyan isih katon bunder kepleng
bureng sarwa peteng
pedhut ndhipet mripat lambat-lambat
sikil sengkleh ora bisa nggagap, gemeter

dalan nggronjal ilang seka wewaler
langit atiku geseng
kebrangas wengi kang wengis njojoh linggis

ati wengi kesaput pedhut
peteng ndhedhet lelimengan
ora ngerti lor kidul langit tan ana cecala lintang
ana endi iki papan dunung lingsir wis manglung
saelingku durung mlebu luweng
nadyan awak anyep kaya dlangang
pucet njejep kaguncang kemleyang
diuntal angin ngulandara saparan-paran

pandulu bureng ora kuwawa nyawang
rembulan mbendung waspa kembang-kembang
gumpalan mega ireng nyureng
kaya arep nyaplok lan njejuwing bumi klumuh
suluk tlutur trenyuh ngruntuh luh
sepi mecaki sadawane wengi
wewayangan ilang diuntal saput pedhut
mbusek aksara cunthel mbuntel langit lelimengan

Temanggung, 2 Juni 2022